

Plan Vaksinyon kont COVID-19 nan Maryland



Enfòmasyon sou Vaksen yo

Gen twa vaksen yo antisipe ki pral disponib okòmansman:

Vaksen	Kijan l Fonksyone
Pfizer / BioNTech	Li gen ladan fragman materyèl kodaj jenetik ki fè kò w kreye yon pwoteyin ki san danje. Pwoteyin nan limenm vin estimile kò w pou l kreye antikò ki konbat viris COVID-19 la si ou enfekte ak li.
Moderna	
AstraZeneca	Li gen ladan yon vèsyon san danje yon viris vivan—yon viris ki diferan pase sa ki lakòz COVID-19 la. Viris afebli sa a, yo modifye li pou pwodui yon pwoteyin ki estimile kò w pou l kreye selil ak antikò ki konbat viris COVID-19 la si ou enfekte ak li.

Sa Ou Dwe Konnen Konsènan Vaksen yo

- ♦ Vaksen yo san danje, e yo pap ba w COVID-19.
- ♦ Vaksen yo efikas pou anpeche w tonbe malad grav ak COVID-19.
- ♦ Efè segondè lejè yo nòmal, e yo gen ladan yo, doulè nan kote yo fè enjeksyon an, fatig, lafyè, doulè nan misk, maltèt ak frison.

Sonje

- ♦ Sekirite vaksen kont COVID-19 la se priyorite nimewo en pou gouvènman ameriken an ak pou gouvènman Eta Maryland lan.
- ♦ Vaksen kont COVID-19 yo pap modifye chimi kò w ni ADN ou, e yo pap lakòz ou gen yon rezilta tè ki pozitif pou tè COVID-19 yo.
- ♦ Li posib ke w ka transmèt COVID-19 kanmèm bay lòt moun apre ou fin pran vaksen an. Nou tout nou dwe kontinye mete mask epi pratike distans sosyal.
- ♦ Lè ou pran vaksen an, ou ede pwoteje moun vilnerab ke ou renmen yo. Ofiramezi plis kantite moun pral vaksinen, nou pral vin atenn "iminite kolektif" ki pral redui ka maladi grav yo ak ka lanmò ki mete pye akòz COVID-19 la.

Pou jwenn plis resous sou vaksen kont COVID-19 la, ikonpri fèy enfòmasyon ak Kesyon Moun Poze Souvan yo, ale sou covidLINK.maryland.gov.